ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№17 (21.675) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Я къалэнхэм хохъуэ

Ди газетым зэрытетащи, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэІушІэ мазаем и 1-м иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэльыхьащ Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм нэгъабэ зэфІигъэкІахэрэр мы гъэм къыпэщыт къэзыхэмрэ.

ПРЕЗИДЕНТЫМ и пэублэ псальэм иужькІэ, зэхуэсахэр едэІуащ къыхалъхьа Іуэхугъуэм теухуауэ а Іэнатіэм и унафэщІ **Щауэжь Хьэсэнбий** ищІа отчет докладым. Абы къызэриГъэлъэгъуамкІэ, мы зэманым пенсэм щыс цІыху мини 179,4-м Іуэхутхьэбзэ хуащІэ. Ар 2008 гъэм елъытауэ 1250-кІэ нэхъыбэщ. Мини 161,9-м лэжьыгъэкІэ хуагъэува пенсэр яІэрохьэ, абихэм я процент 81,3-р зи ныбжь хэкІуэтахэщ, мин 17,4-м къэрал пенсэ ират.

- Нэгъабэ и пІалъэм къытІасэу цІыху 13790-м я пенсэ тхыльхэр дгъэхьэзыращ, хухалъха страховой взносхэр зыхуэдизым елъытауэ мин 58-м лэжьыгъэкІэ къратым и страховой Іыхьэр щІэрыщІэу къахуэдбжащ, - жиІащ къэпсэльа. - Абыкъ Іуэхур тщигъэпсынщІащ иджырей технологием и электроннэ Іэмалхэм я сТажыр къэпльытэнри. 2002 гъэм нэсыху пенсэ зыхуагъэувахэм процентри 10 хущІагъэущ. Абы ипкІи иткІэ цІыху мини 161,5-м я пенсэхэр щІэрыщІэу къахуэдбжыжащ, ику иту сом 792,7-рэ яхуэхдгъэхъущ. Мы гъэм а Іуэхум (валоризацэм) сом зы меладрэ мелуан 500-рэ хухахынущ. Иджыпсту пенсионерхэм я процент 32,8-м сом мини 5-м къыщыІэдзауэ мини 7-м нэс, процент 30,2-м сом мини 7-м щигъу ират. Мы илъэсым щегъэжьауэ псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хуэдиз хэхъуэ зимыІэ мылажьэ пенсионер мин 26,5-м ику иту сом 767-рэ яхущІидогъу. Абы папщІэ 2010 гъэм ди щІыналъэ фондым сом мелуан 250-рэ щыдгъэбелджылащ, - кІигъэльэгъущ Щауэжь Хьэсэнбий.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Прохладнэ куей

Сымаджэщыщ Іэ хуаухуащ

Прохладнэ куейм хыхьэ Альтуд къуажэм сымаджэщыщІэ къыщызэІуахынущ. Абы хьэрычэтыщІэхэм я «Каскад» ООО-м и унафэщІ Дзэ Хьэсэнрэ «РИал» ООО-м и тхьэмадэ Абазэхэ Хьэдисэ я мылькыкІэ ирагъэщІауэ.

КЪАПЩТЭМЭ, мыпхуэдэ щапхьэхэр республикэм щымащІэкъым. Республикэм и хьэрычэтыщІэхэм я мылькыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуащ, щыІэзэрагъэпэщижащ социальнэ мэхьанэ зиІэ тхьэ-кІуэд.

Дохутыр нэхъыщхьэ Куржы Маринэ зэрэжиІэмкІэ, иджырей мардэхэм тету ауха сымаджэщым неврологие (гъуэльыпІэ 20 щІэхуэу), терапие (гъуэльыпІэ 25-рэ) кьудамэхэр щылэжьэнущ, УЗИ пэш, иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэща лабораторэ хэтынущ. Мы махуэхэм къалэрыхьэнущ бгъэлэпхъуэ хьу ренгенапparат.

Зи уэзыншагъэм ежьагъэ Іэ зэрыщІэкІынэу дохутырхэми я Іуэхур сыт и лъэныкьуэкІи ящыгъэпсынщІэнэ хуэщІащ. Сымаджэхэр щылэныкъуэ щІыхьэ ящІэнущ. Ар 2008 гъэм ирагъэкІуэкІащ. Абы щыІэ Іуэхугъуэ зэрыщІэкІ. Ар 2009 гъэм ирагъэкІуэкІ. Абыхэм ящыщІ Америкэм Мазэм игъэзэжьыну зэкІэ ахьшэ зэримыІэнур.

Судым щыІэзэхагъэкІ

Макъым ихъырэ нэхъ псынщІэу къызыльэтыхьэ, щІыхухэр зэриІэпхъуэнум хуэщІа «Конкорд» кхъухьлъатэр къызэрыуамкІэ игъэкъуаншэхэм я судым дыгъуасэ Франджым щыщІдзащ.

Ар ейт «Эр-Транс» авиакомпаниемрэ 2000 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м ар къыщыуам «Париж - Нью-Йорк» рейсыр игъэзащІэрт. Абы хэкІуэдащ ЦІыхуи 113-рэ.

ГъуэгурыкъуэхэмкІэ ягъэкъуаншэ США-м и «Кандиландел Эрланц» компаниемрэ цІыху щхьэхуэ зыбжанэрэ. «Конкордыр» аэродромым тельъытыкІащ мафІэкъыщІэнауэ, и щэхъри къэуцуэ. Судым зэхигъэкІын хуейщ а псори къэзыгъэхъуа щхьэусыгъуэхэр, абыкІэ къуаншэхэр.

Мазэм игъэзэжьынукъым

США-м 2011 гъэм иІэну бюджетым и проектыр президент Обамэ Барак и администрацэм игъэхьэзырри, Конгрессым Іэригъэхьащ.

Бюджетыр доллар триллиони 3,83-рэ мэхъу, ауэ ар мащІэщ. Америкэм и бюджетыр щыщІэнущ зэкъыхъуауэ ахьшэшхэр - доллар триллион 1,56-рэ. Конгрессым и пащхьэ къыщыщыпсалъэм Барак Обамэ я кьухиригъэщащ а бжыгъэхэр США-р гугъуехьышхэу зэрыІууэм и щыхьэту зэрыщытыр. Абы зэрыжиІамкІэ, медицинэ страховани, узынщагъэр хъумэным пыщІа нэгъуэщІ Іуэхухэм, ветеранхэм я льготэхэм текІуадэ ахьшэр ягъэмэщІэнукъым, ауэ правительствэм иубзыхуахэм щыщ Іуэху гуэрхэр зэрагъэпытыльэкІын хуей хъунущ. Абыхэм ящыщщ Америкэм Мазэм игъэзэжьыну зэкІэ ахьшэ зэримыІэнур.

«Іуэхутхьбзэ» льапІэ

Налог зытыну хуэмей и щыхуэхэм я Іуэху зыІутыр наІуэ ищІын папщІэ, Іэмал псори кьыгъэсбэнуну Германием и мурадщ.

А къэралым и канцлер Меркель Ангелэ зэрыжиІэмкІэ, правительствэр а псоми щІэгупсысын хуей хуащ, я дежи хуэгъуэ зыгуэр телефонкІэ къэпсалъэу, Швейцариемрэ банкхэм ахьшэ щызыгъэпщкІу нэмыщхэм я хьыбар къаригъэщну зэрыхьэзырыр къажриІа нэужь.

Дауи, Германием и унафэщІхэр щІохьэпсэ ар зыІэрагъэхьэну, ауэ кьахуэмыщІыхуэ «сатуІущІым» кьиІэгъэва уасэр иныщэщ - ар иужь итщ Іэщ1эхь хьыбар щэхуэхэр Германием евро мелуани 2,5-кІэ ирищэну.

Швейцариемрэ хуэдЕІэкІ псори слэжь, а щыхьэт тхыльхэр къэщэхуным Германиер тримыгъэгушхуэну. Арщхьэкіэ апхуэдэ хьыбархэм зэкъым а къэралым ахьшэ зэрыщІитар. Псалъэм папщІэ, 2008 гъэм ФРГ-м и ІасхьэщІэх Іуэхущ1апІэхэм евро мелуани 4-кІэ къащэхуат «Лихтенштейн» банкым зи мыльку щызыхьыжэ нэмыщхэм я унэщІэр зэрыт тхылъыр. Мы зэми «сатуІущІыр» абы щыгъэ «нэмыщхэр зыщІэжа» щІыхухэр арауэ хуаГъэфащэ.

НОБЭ

◆1720 гъэм пащтыхь Петр І кьыдигъэкІащ хамэ къэралхэм щыщ щІыхухэр Урысейм и щІыналъэм щІым щІэлъ хьугъэфІы-гъэхэр къыщалъхьэну. ГъэщІІгъав заводхэр ягъэхуэну хуит зыщІ унафэ, абы кьахэхьэуэ и Іыхьэ пщІанэр Урысейм иратмэ.

◆Мазаем и 3-5-хэм Москва щекІуэкІынущ инвестицэхэмкІэ дунейпсо конференц.

◆Москва щызэхэтынущ Урысейм топджэгумкІэ и союзым (РФС) и зи мычэзу зэІущІэ. Абы щыхахынущ РФС-м и президентыр.

◆Мазаем и 3 - 5-хэм Вашингтон (США) щекІуэкІынущ къэщІэрэщІэж энергием и хэкІыпІэхэр щагъэльагъуэ дунейпсо еплъыныгъэ.

◆1924 гъэм «Къэбэрдей ПТыльакъ» газетыр «Къэрхьэлькьуэу зэрахьэрэкІащ. 1925 гъэм СССР-м радиом псэльэн щыщІидзащ.

◆Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 20-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 20-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10.

ПІалэнэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО 3 арифм.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Дахэм къимыхь Іейм кьнхькъым.

Зыдэлэжьэнухэр Берлин къыщагъуэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр илъэсищ лъандэрэ хэтщ «Щхьэнтіагъэм и тхьэмахуэ» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм, Берлин къыщызэрагъэпащ а зэхыхьэшхуэр лы гъэм щІышыдэ мазаем Мессе Берлин гъэлъэгъуапІэ центрым щекІуэкІащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр** зи пашэ делегацэм хэту абы щыІащ рестораторхэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр **Ерчэн Темболэт**, КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІы ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **ЛЫхъугу Хьэжмурид**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и ректор **Жэрыкъуэ Борис**, «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэ» ОАО-м и генеральнэ директор **Махуэ Тимур**, республикэм и муниципальнэ щІыналъэ зыбжанэм я Іэтащхьэхэр, агропромышленнэ комплексым и предприятэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр.

Меркулов Александр зэрыжиІамкІэ, мы зэхуэсыпхуэм мэкъумэщ Іэнатіэм зегъэужьыным и мызакъуэу, зэрыщыту республикэм и экономикэм и дежкІи сэбэн хъун куэд къыпхуэхэхынущ: «Ди дежкІи нэхъыщхьэ дыдэр - нэгъуэщІ къэралхэм щыщ инвесторхэм я мылькъуэ ди экономикэм къыхуэзщІигъэуІуэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щащІ продукцэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм я рынокхэм щыпхыгъэкІынырц. Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныгъэ ящІэ республикэм мы зэманым Іэмал псори щыІэщ. Псом ящэу дэ ди щІыналъэр а Іуэхум хуокІуэ, ди цІыхухэми мэкъумэш Іэнатіэр зехьэным я гур зэретам къыхэкІыу абы зэкІэлъыкІуэу икІи тэмэму зебгъэужьыфыныущ. Дэ дыщогуть мы Іэнатіэр нэхъри егъэфІэкІуэныкІэ Берлин щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэр сэбэн хъуну».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм метр зэбгъуэзнатІэу 100 иІэгъащ икІи абы щагъэлъэгъуащ республикэм и агропромышленнэ комплексым и предприятэу 15-м я зэфІэкІыр. Занщ1эу ящэ махуэм КъБР-м и Правительствэмрэ Австрием щыщ Engel фирмэмрэ я лЫкІуэхэм Іэ щІадзащ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэзэкІхэмрэ зраЛхъэ пластик ашыкэр къыщІэзыгъэкІ завод Бахъсэн районым щыщІыным теухуа зэгуры-Іуэныгъэм. Абы щагъэувыну Іэмэпсымэ евро мелуани 10-м нэблагъэ и уасэ 2015 гъэм нэсыху кІалэрыхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш щІэныгъэкъэхэтакІуэ институтымрэ адыгэшыр фІыуэ зыльагъуэхэм я ассоциацэу Германием щыІэмрэ зэгуры-Іуащ а шы лъэпкъыр нэхъри егъэфІэкІуэным зэщІыгъуу елэжьыну, 2010-2011 гъэхэм кьриуфыдыдэу КъБР-м къыщагъэхъуа адыгэшу Германием мини 2,5-3 щащэну. Апхуэдэу республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым Голландиемрэ щыщ VOSSEN фирмэм зэгуры-Іуэныгъэ ирищы-лІащ Іусыпхъэу къагъэсэбэп къэкІыгъэхэм я жылэ нэхъыфІхэр зэщІыгъуу гъэкІыным теухуауэ. Институтыр Германием щыщ фирмэ зыбжанэм ядэлажьэнущ быным, мэл, шы лъэпкъыфІхэр къэгъэхъным ухуэнэтІауэ.

«Къэббалъкъагролизинг» ООО-м и унафэщІхэр «Лы комбинат», «ІэщлъэпкъыфІхэр къэгъэхъуным щІэнтр» инвестицэ проектитІыр КъБР-м щыгъэзэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм тепсэльыхьащ езыхэм лэжьэгъу нэхъ кьахуэхъуну кьаалытэхэм ящыгъуэу. Абыхэм а ухуэнытыгъэхэм я макетхэр иратащ эльэгъуащ.

КъБР-м и делегацэм хэтахэм гулъытэншэу кьагъэнакъым мэкъумэш хозяйствэр иджырей технокмкІэ къызэгъэпэщыгъэ. Мэнышцэ фирмэхэм ящыщ зым республикэм къригъэщІэщ жызум хьэсэхэр зэрызэрахьэ культиватору 8, щІым зэрелэжь техникэу зыбжанэ, жызумыр зэраухъэуэнщІ, зэрызэрахьэ, зэрыІуахыж комбайну 4, Апхуэдэ дэтхэнэ зы комбайнми щІыхуэ 250-м ирахьэкІыфынум хуэдизэ лэжьыгъэ зэфІигъэкІынущ. Ящэ комбайныр республикэм кьихьэнущ дзыхьуэкІуэ гъатхэм фІэмыкІыу. Псори зэхэту Германием доллар меларэ 2-м нэблагъэ и уасэ техникэ кьыщащэхунущ.

Мы гъэльэгъуэныгъэм кърихьэлІахэр республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министр Ерчэн Темболэт щыгъуазэ ящІащ ди республикэм и щІыналъэр зыхуэдэм, агропромышленнэ комплексым и зыужьыкІэм, абы иджырей щІэныгъэм и кьэхутэныгъэщІэхэр къызэрыригъэсэбэпым, Европэм щыІэ технологие пэрытхэм тету зэрылажьэм.

Ерыскъыпхъэхэм я флагыр къэзыпщытэ комиссэмрэ гъэлъэгъуэныгъэм епльэхэмрэ хуабжьу ягу ирихьащ ди Іэфыкіэхэр, макаронхэр, сэхуран дагъэр, фадэхэкІхэр, псы зэмылІэужьыгъуэхэр, хадэхэхІ консервхэр, фор, мыЕрысэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и стендыр щІыхуэ кІуапІэу зэрыщытар, куэдкІэ я фІыщІэщ «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым и артистхэми.

КъБР-м и делегацэр хэтащ «АПК-р къэгъэщІэрэщІэжыныкІэ УФ-м и стратегиер - Урысейм»рэ Германиемрэ зэдэлэжьэныкІэ пльапІэхэр» форумым, апхуэдэу мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрхэм я «Мэкъумэш хозяйствэмрэ дунейм и щытыкІэм зэрызихъуэжьымрэ - политикэ, экономикэ концепцэхэр» зэхуэсыщхьэм.

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министерствэм «КъАУантІагъэм и тхьэмахуэ» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтам папщІэ КъБР-м и Правительствэм дипломрэ медалрэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министерствэм, республикэм и АПК-м и предприятэхэм дипломхэр кьахуигъэфэщащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ, *КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.*

● Хъыбар гуапэ

ЖьэкІэмыхъу Маринэ КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистщ

«Синдикэ» интур-хьэщІэщым дыгъуэпщыхь щыІэхэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ къыІэрагъэпэща Прессэм и пщыхь.

АБЫ ЩАГЪЭЛЪЭПІАЩди республикэм и журналист пажэхэр. Хуабжьу гуапэ тщыхъущ ди лэжьэгъуэм ящыщ зым а зэІушІэ иным и цІыр фІыкІэ къызэрыщалъар. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыдигъэкІа указым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІри, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ журналист щІэ ялапІэ зэрыфІащам щыхьэт техьуэ тхьыпьымрэ бгъэхэІумрэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ ЖьэкІэмыхъу Маринэ къриташ.

Илъэс щэщым щІигъуауэ адыгэ газетым псэ хьэлэлкІэ хуэлажьэ ЖьэкІэмыхъу Маринэ и гуащІэм кьыхуащІэ пщІэм дэри дрогуфІэ икІи адэкІи екъулІэныгъэ, дэрэжэгъуэ, насыпи ни1эну абы дохьуэхьу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.



хэр Мэзкуу щыхуадынущ.

Парадым хэтыну пщІэ зыхуащІаХэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Инир къыщыщытхъэ щІэж 65-рэ зэрырикъуэ и щІыхькІэ Мэзкуу щекІуэкІыну парадым Къэрэшей-Шэрджэсым и ветеран 17 хэтынущ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэрыщыджаІамкІэ, Мэзкуу ягъэкІуэну ветеранхэр къыщыхахым нэхъыбэу гулъытэ зыхуащІар абыхэм я гъэхъуэн Іэнатіэр фейдэ къызыпэкІуэщ, икІи а лэжьыгъэм адэкІи зрагъэужьынущ.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

Джэд гъэхъуным гулъытэ хуащІ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, Адыгейм и мэкъумэш хозяйствэхэм ихъыбэ зыуэ зэхэхъэзырар 2008 гъэм елъытауэ процент 17,8-кІэ нэхъыбэщ.*

2009 гъэм республикэм дыуэ къыщІигъэкІар тонн мин 39-кІэ нэхъыбэщ 2008 гъэм елъытауэ. Джэдыльр тонн мин 28-рэ мэхъу. Республикэм и премьер-министр КІуэ Іыдыгъэ Мурат къызэрыхигъэщамкІэ, джэд гъэхъун Іэнатіэр фейдэ къызыпэкІуэщ, икІи а лэжьыгъэм адэкІи зрагъужьынущ.

ХЬэЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дыгъуасэ

Суурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ветеранхэр ягъэлъапІэ

ЦІыху мелуанхэр зыхэкІуэда Хэку зауэшхуэм и нэхъ щынагъуэ лъэхъэнэхэм ящыщщ Сталинград махуэ 200-м щІигъукІэ щекІуэкІа зэпэщІэтыныгъэ гуащІэр. А къалэр хуит къащІыжауэ щыщащ мазаем и 2-м.

АБЫ ИРИХЬЭЛІЭУ Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм Сталинград щекІуэкІа зауэм и ветеранхэр игъэлъапІэщ. Абыхэм я щІыхькІэ къызэрагъэпэща зэІушІэ гуапэм хурихьэлІащ республикэм и миницэм и унафэщІм и къалэнхэр зэрыщытар. Ар ящІэрыщІ фащэм кьытещ дамыгъэ зэрыльапІэхэм, - жиІащ Дуай Борис.

Жамборэ Наурбий псалъэ щратым, ветеранхэм гуапэу ехъуэхъуащ, зэрахьа лЫгъэм сытемыпсэлъхьым ар ягъэнаІуэ нобэ ящырэ фащэм кьытещ дамыгъэ щІэхэр лъэпкьым, гъащІэм, лъахэм теухуа усэхэм кьеджащ. КьыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэльхьэнэ хуэунэтІауэ кьызэрагъэпэща зэхьыхьэ ящІэхуэ лъэпкьым, гъащІэм, лъахэм теухуа усэхэм кьеджащ. КьыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэльхьэнэ хуэунэтІауэ кьызэрагъэпэща зэхьыхьэ зауэлІхэр зэи цІыхухэм я гум зэримыхунури кьыхигъэщащ. Хуит къащІыжа къэралыр зэрефІэкІуэным, зэрахъуэмэным я къару псори зэрырахьэлІэнур яжриІащ.

Хэку зауэшхуэм и илъэс лыгъэхэм пхыкІа ветеранхэм сыт щыгъуи я нэІэ кьызэрытрагъэтым, зэращымыгъупщэм, зыкьызэрыщІагъакъуэм папщІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэ КъБР-м и щІэм и унафэщІхэм, ветеранхэм я Советым фІыщІэ хуащІащ. Кьызэхуэсахэм я гукъэкІыжхэмкІэ я ядэгуэшащ.

Ветеранхэм дэтхэнэми ахьшэ саугъэтрэ пщэдэль хуэфащэ ягъэкІащ.

БАЦЭ ФатІимэ.

Хьэрычэтыщ Іэм хурагъаджэ

«Іуэху зезыхьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгуры-ныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэмрэ КъБР-м Хьыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуры-ныгъэхэм ядалажьэныкъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэмрэ республикэ бизнес-инкубаторым щрагъэкІуэкІ ещанэрей «ЩІалэгъуалэ бизнес-школыр» Абы и мурад нэхъыщхьэр республикэр зыхуэныкъуэ Іэщ1а-гъэлІэхэр егъэджэныр.

ИЛЪЭС блэкІам и щэкІуэгъуэ мазэм зыщІадзэ еджэныгъэхэр мы гъэм и гъатхэпэ пщІондэ екІуэкІынущ. Проектым жыджэру хэтщ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я етхуанэ курсхэм щІэс студент 50-м нэс. НэхъыфІу еджэхэр КъБР-м и Іуэхущ1апІэ пэрытхэм щылажьэну ягъэльэгъэнущ. Апхуэдэу абыхэм хуитныныгъэ яІэнущ президентым иубзыхуа программэм ипкъ иткІэ я щІэныгъэм адэкІи хагъэхъуэну, лэжьыгъэ кьагъуэтын папщІэ «Іуэху зезыхьэ Урысей» зэгуры-ныгъэм зыпащІэну.

Еджэным кьызэщиубыдэ унэтІныныгъэхэм ящыщщ республикэм и Іэнатіэ порытхэм я унафэщІхэм я лажьыгъэ-гъэпэщІкІэм щыгъуазэ зыщІынщ. Мы зэманым бизнес-школым щеджэхэм езыхэр дзэзыльэ унэтІныныгъэхэр кьыхахауэ абыхэмкІэ я щІэныгъэм зэрыхагъэхъуэным яужь итщ.

КъБР-м Хьэбырагъащ Іэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуры-ныгъэм и Іэнатіэ порытхэм я унафэщІхэм я лажьыгъэ-гъэпэщІкІэм щыгъуазэ зыщІынщ. Проектым жыджэру ящІыгъэ и мардэхэм, дзейхэм зэпсэльыныныгъэр зэрадегъэкІуэкІыпхъэм, бизнес-проектхэр зэрызэхэгъэувапхъэм, щыгъуазэ ящІ унафэ щыкІэм щІэуэ кьыхьыхьахэм, хьэрычэт Іэнатіэм зэщІрихьэлІэнкІэ хъуну пІэпощхьэпохэм зэрызащІыпхъуэкъуэну Іэмалхэм.

«ЩІалэгъуалэ бизнес-школыр» къэзыухахэм ящыщу зи проектхэр екъулІэныгъэкІэ пхызыгъэкІыфахэр мы зэманым зыхуеджа Іэщ1агъэхэм иролажьэ. Абыхэм яхэтщ «Іуэху зезыхьэ Урысей» зэгуры-ныгъэм и чанджэщкІэ республикэм и проблемэ-нэ, производственнэ Іуэхущ1апІэ зэхуэсмыдэхэми лэжьыгъэ Іэнатіэ щызыгъуэтахэр.

КЪОНАКЪ Хьэсэн.

Гъэсэныгъэм и дерсхэр

Дзэлыкьуэ куей библиотекэм щекІуэкІащ «Адыгэ хабзэ, нэмыс» зыфІащэ пшыхь. Ар къызэрагъэпэщащ тхыльхьэмапІэм и дежькІуэхэрэр Дзэлыкьуэжьуажэ дэт 2-нэ курыт еджапІэм и «КъежьапІэ» литературэ-тхыдэ клубымрэ.

ШКОЛЫМ и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и кьуэдзэ Теувэж Хьэйшэт, клубым и кьызэгъэпэщакІуэ хэу Кіуэкіу Мариерэ Кіэмыргуей Мадинэрэ ди льэпкьыр иригушхуэу ижь льандэрэ кьыдекІуэкІ хабзэ дахэхэм, нэмысыкІэ, нобэ щІалэгъуалэм ябгъэдэтын хуей гъэсэныгъэм куууэ тепсэльыхьахэщ. Зэ1ущІэм купщІэ хуэхъуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьеплъытэ хьунущ динымрэ льэпкъ хабзэмрэ я зэхэущытыкІэм теухуауэ кьахьа щапхъэ гъэщІэгъуэнэхэр. Зи дуней еплъыкІэ зиІэжьым хуей нобжьыщІэхэм дерс щхьэпэ кьызыхахьи защІэт ахэр.

Зэ1ущІэм щыІуащ хабзэм, нэмысым, шы1эныгъэм, адэ-анэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ яхуэщІын хуей пщІэм теухуа хьыбархэр, псальэжьхэр, псалъэ щэрыуэхэр. Класс нэхъыжьхэм щеджэ нобжьыщІэхэр льэпкьым, гъащІэм, лъахэм теухуа усэхэм кьеджащ. КьыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэльхьэнэ хуэунэтІауэ кьызэрагъэпэща зэхьыхьэ ящІэхуэ лъэпкьым, гъащІэм, лъахэм теухуа усэхэм кьеджащ. КьыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэльхьэнэ хуэунэтІауэ кьызэрагъэпэща зэхьыхьэ зауэлІхэр зэи цІыхухэм я гум зэримыхунури кьыхигъэщащ. Хуит къащІыжа къэралыр зэрефІэкІуэным, зэрахъуэмэным я къару псори зэрырахьэлІэнур яжриІащ.

Хэку зауэшхуэм и илъэс лыгъэхэм пхыкІа ветеранхэм сыт щыгъуи я нэІэ кьызэрытрагъэтым, зэращымыгъупщэм, зыкьызэрыщІагъакъуэм папщІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэ КъБР-м и щІэм и унафэщІхэм, ветеранхэм я Советым фІыщІэ хуащІащ. Кьызэхуэсахэм я гукъэкІыжхэмкІэ я ядэгуэшащ.

Ветеранхэм дэтхэнэми ахьшэ саугъэтрэ пщІэдэль хуэфащэ ягъэкІащ.

БАЦЭ ФатІимэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2010 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ ди газетым Іэ тевдзэ зэрыхъунур фигу къыдогъэкІыж.

МазипІым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэнлейкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Я къалэнхэм хохьуэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Къэпсэльэм зэрыжиІамкІэ, социальнэ программэр гъэзэщІэным я Іузхуищ Іапіэр жыджэру хэтщ. Къапщтэмэ, 2005 гъэ лъандэрэ Пенсэ фондыр цІыху 74360-м мазэ къэс ахъшэрэ мылькукІэ ядоІэпыкъу. Нэгъабэ гулъытэ хэха хуащІащ «Сабий зиІэ унагъуэхэм къэралым зищІигъэкъуэныжмкІэ щхьэхуэ зэрыжиІэхэм я Іузхуищ» федеральнэ программэ гъэзэщІэным. Абы папщІэ ягъэхъэзырауэ щІэта программэ зэхэтым щыубзыхуахэр хъарзынэу гІкІагъэкІ. Къэралыгъэ хэушъхьафІэ сертификат 16723-рэ иратащ, 8043-р илъэс кІуам хуоз. А Іузхум хухахащ сом меларди 5-рэ мелуан 216-рэ. Щыналъэ социальнэ программхэр гъэзэщІэным Пенсэ фондыр нэгъабэ сом мелуани 4,2-кІэ хьыкащ. Цыхуэхэм Іузхутхьэбзэ щыхуащІэ Іэнатіэхэм я мылъку-техникэ Іофыгъэ гъэбыдэным сом мелуани 2,5-рэ, Геронтологиемкіэ центрым и унэр зэгъэзэщІыжьным мелуани 2, а центрым Іэмэпсымэ къызэрыщэхунум сом мин 550-рэ хиІэхьащ. ТекІуэныгъэм, ныкъуэдыкъуэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэхэм ирихьэлІэу мылажьэ пенсионерхэм зэ етыгъуэу сом мелуанрэ мин 600-кІэ зыщІагъэкъуащ.

- Страховой Іэмалым зэрыхуэхІуам и фыІгъэкІэ, лэжьакІуэм и пенсэр зыхуэздэнымкІэ дяпэкІэ жэуаптакІуэу щытынур федеральнэ, щыналъэ Іузхущ Іапіэхэмрэ Іэнатіэ зытхэмрэщ. Пенсэ фондым и къалэнхэм хэхьуэ зэпытщ. Социальнэ политикэр пхыгъэжІынкІэ, пенсэсэкІэ тынкІэ, цІыхуэхэм я псэуэкІэр егъэфІэкІуэныр абы и хьэкъкІэ къызыдогъэпэщ, льготэ зиІэхэмрэ сабий зыпІ унагъуэхэмрэ мазэ къэс ахъшэ яхуэхьдох, - жиІащ щыналъэ къудамэм и унафэщІым. - Дэ къыптпэщытщ страховой взносхэр къызэрыхах щыкІкІэр егъэфІэкІуэну, Іэнатіэ зытхэм я пІэжьакІуэхэм я пащхьэм щІэхь жэуапІныгъэр къэтІэтыну. Страховой хьэшъуэ къыптІэрыхьэр улахуэр зэрыхэхуэрэ процентыр 7,3-кІэ кІыкІэрохуу. Абы къыхэкІыу страховой взносхэмкІэ, пенязкмкІэ, къуэдыхэмкІэ щІыхуэр сом мелардрэ мелуани 134,3-м хэщІ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыблагъэ къызэрагъэпэщ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм абыкІэ Іжьыпэр щытІыгъщ. Республикэм и унафэщІхэр кхыхэмыхьэу а Іузхур ди закъуэкІэ зэтес тхуэщІыжынукъым.

АдэкІэ Щауэжь Хьэсэнбий къэтІуеныІащ страховкэ зиІэ цІыхуу Пенсэ фондым щатхэр зыхуэдизым, страховаными и Іузхуэхэр зэкІэлъыІэсыгъакІуэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм, платежхэр зэрат щыкІэм, нэгъуэщІхэми.

Абы зэрыжиІамкІэ, лэжьыгъэкІэ ят пенсэм и ІэзэгъэуІу Іыхьэм халъхьэ страховой взносыр нэгъабэ сом мелуан 445,6-м нэсащ. Ар нобэ псори зэхэту зы мелардрэ мелуан 534-м ноблагъэ. ХэхуэхэмкІэ нэгъабэ къапэщытар процентыр 108,7-кІэ, хэщІэмкІэ процентыр 113-кІэ ягъэзэщІащ. Ахэр зэрызэкІэпыкІуэм хуэдэу сом мелард 12-рэ мелуан 224,7-рэ, мелард 12-рэ мелуан 334,7-рэ мэхъу. Абы и ІьэныкъуэкІэ яубзыхуэу щытахэр тэмэму зрагъэхъулІащ. Щауэжь Хьэсэнбий къызэрыхигъэщамкІэ, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ лэжьыгъэмкІэ пенсэр процентыр 6,3-кІэ кьаІэтынущ, социальнэ пенсэкІэ къызэзыгъэпэщ Іыхьэм процент 12 щІагъэнущ, бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ абы аргуэру процентыр 3,5-кІэ хагъэхъуэнущ. Мы гъэм и кІэм лэжьыгъэмкІэ ику ит пенсэр сом мини 7-рэ 902-м нэсынущ, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ зэ етыгъуэу ят ахъшэм процентыр 10 хущІагъэнущ.

ЩынальэкІэ къудамэм и унафэщІыр зэпкърыкуэу къэтеуыВыащ ирагъэкІуэкІа Іэхэпщытэнагъэхэм къариКІуаэхэм, я Іэнатіэм щІэуэ хэлъхэм, куейхэм щалэ Іузхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэ зыхуэдэм, республикэм щаубзыхуэ социальнэ политикэр пхыгъэКІыным, щІыз хабзэхэм тету цІыхуэхэр пенсэкІэ къызэгъэзэщІыным хуэунэтІауэ къэпэщытхэмрэ ахэр зэрызэрІаихыну Іэмалхэмрэ.

Щауэжь Хьэсэнбий и отчет докладым щыжиІаяэр щызэхалъхьэжьым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыхигъэщащ Пенсэ фондыр нэгъабэ хъарзынэу зэрылэжьар, мы гъэми абы и кІэ къызэрымыхуэнур и фІэщ зэрыхьэр.

Правительствэм хэтхэм зэдзэрэзыуэ къащтащ зытепсэльыхьэхэм теухуа унафэ.

ИужькІэ **Къанокъуэ Арсен** зэхуэсахэр хигъэтуэзащ Урысейм и премьер-министр **Путин Владимир** Пасыуабэ къалэм щригъэкІуэкІа зэІуцІэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэмрэ щащІа пщэрыльхэмрэ зыхуэдэм.

- Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм зэрызэужьыным и программ зэхэт зэрагъэкьэзыбнум къыхэкІыу, ди зэфІэкІым хэдмыгъаХуэу хъунукъым. Абы папщІэ псом ящу Іэнатіэщ Іэхэр къызэІутхэн, цІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэдгъэпэщын, инвестицэ проект нэхъыбфІхэр дгъэзэщІын, иджырей технологие пэрытхэр къэдгъэсэбэпын хуейщ. ЩІэдзапІэ хъарзынэхэр дызэрыІэмкІэ адрес щыналъэхэм дофІэкІ, я унэтІыныгъэхэм дяпэкІи тегушхуауэ зегъэужьыпхъащ, - кІыхьИгъэщащ республикэм и Президентым. Абы зэрыжиІамкІэ, иджыри зы вице-премьер кІуэлыкІу КЪБР-м и Правительствэм къыщыдахынущ. Ар инвестицІэ Іузхуэхэр пхигъэкІыу Мэзкуу щылэжьэнущ, апхуэдэу ди республикэм и хэщІапІэ Псыхуабэ къалэм къыщызэІуахынущ.

Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр** щІыныгъэм и 15 - 24-хэм Берлин щызэхэта «ЩхьэнтатІэм и тхьэмахуэ» дунейпсо агропромышленнэ гъэпсэгъуэныгъэм ди лІыкІуэхэр зэрыщыІар зэхуэсахэм яхуиІуэтэжащ.

ЗэІуцІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и тхьэмадэ **Чечанов Анатолий** республикэм и Президентым и Адміністрацім и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Жамборэ Владимир** Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыкъ Мурат, Дышэкі Мадинэ**, къэралкомитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ къулыкъущІэхэр.

АРУАН Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УнафэщІым и къуэдзэ Дышэкі Мадинэ щыцІыщІым и 29-м иригъэкІуэкІащ 2010 гъэм сабийхэм зэрызагъэпсэхуным, я узынщагъэ зэрырагъэфІэкІуэным, едэжным къыщыщхьэхуэхэм я зэманыр нэгъуэщІу зэрагъэщІынум пыщІа Іуэхугъуэхэр кьыІэзгъэпэщынымкІэ республикэ комиссэм и япэ зэІуцІэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Тобоев Альберт** кьыІэзрохьэгъащ амкІэ, дяпэкІэ я Іуэхур щІэм тету ирагъэкІынущ. Къащтэмэ, мы гъэм кьыщыщІэдзауэ страховкэ зиІэхэм папщІэ УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и бюджетым ахъшэ щыхуахьынукъым.

- Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэрэ я узынщагъэр егъэфІэкІуэнымрэ теухуа Іуэхугъуэхэр, налог хабзэхэм халъхьа зэхъуэкІынигъэхэм тету, Урысейм и щІыналъэхэм ящІэ къуэкІыпхъэ хэхьуэхэм я къэхъулІэ кьыІэзрагъэпэщынущ. Абы мы гъэм КЪБР-м сом мелуани 193-рэ мин 586,6-рэ хухихьынущ. КьыщынэмыщІауэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 32-рэ мин 413-рэ, республикэ бюджетым сом мелуани 8-рэ мин 400-рэ кьыхэхьынущ. Псори зэхэту сабийм и я зыгъэпсэхугъуэ зэманым сом мелуан 234-рэ мин 399,6-рэ зэхуэдэнущ, - жиІащ министрым. - КЪБР-м Тарифхэмкі и къэралюмитетым щІышІым и 13-м кьыдигъэкІа унафэмкІэ ягъэуващ республикэм узынщагъэр щрагъэфІакІуэ и Іуэхущ Іапіэхэм зэрыщІэм ику иту щатынур зыхуэдизыр. Мы зэманым дэ кьыштпэщІту гъатхэ дызыхуэхІуам и заявкэхэм я Іуэхур тэмэму зэкІэлъыдгъэкІуэну. Абы папщІэ Социальнэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым ди министерствэм кьритащ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ щылажьэ предприятэрэ организацэу мини 10-м щІигъуи я реестрыр. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ щІыналъэ кьудамэхэм заявкэхэр и чэзум Іэрагъэхьэн щхьэкІэ, я Іуэхущ Іапіэхэм я спискэр куейкэм щІызэгъедгъэхьынущ.

Тобоев Альберт щхьэхуэ зу кьытеуващ зыгъэпсэхуэкІуэ я гъэкІуэну ныбжьыщІэхэр кьыІэзрыхьэхьн хуей щІыкІэм. Абы кьыІэзригъэльэгъуамкІэ, и куейхэм щыІэ кьуэдаекэм я кьалэщ Іуэхугъуэ нэхъ хуэныкьуэ сабийхэм, Іэнатіэ Іут адэ-анэхэм я бынхэм тутекІэхэр кьыхудахьын папщІэ, район предприятэхэмрэ организацэхэмрэ заявкэхэр щыІэхуэ кьуэдзэ. Ауэ, узышагъэр щрагъэфІакІуэ щыпІэ хэм я мылъку-техникэ Іьэбжькъэр зыхуэдэр Іьэныкъуэ псомкІи кьыІэзрапщытэнур, сабийхэм щыгъэкІэ тэмэм кьыхуэзгъэпэщын папщІэ ахэр здагъэкІуэну лагерхэр зэпеуэкІэ кьыІэзрыхьынур.

Зэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап ярита нэужь, министрыр зэпкърыхуэу кьыІетеувыІащ 2010 гъэм сабийхэм зэрызагъэпсэхунум, я узынщагъэр зэрырагъэфІэкІуэнум, едэжным кьыщыдахуэхэм я зэманыр нэгъуэщІуэу зэрагъэщІынум теухуа Іуэхугъуэхэр кьыІэзгъэпэщынымкІэ республикэ комиссэр зэрылэжьыну планым и проектым, Зэ1уцІэм хэтахэр абы арэзы техІуащ. Апхуэдэу зэхьыхьэм кьыщызэрагъэпэщащ узынщагъэр щрагъэфІакІуэ лагерхэм сабийхэр зэрыщІэнум зэрыхуэхьэзырыр кьэзыпщытэну зэрыхуэхьэзырыр гупхэр.

ЗэІуцІэм хэтащ къалэ округэмрэ муниципальнэ районэмрэ я щІыналъэ адміністрацэхэм я Іэтащхьэхэм я кьуэдзэхэр, Іуэхур зэгъэщІыла міністерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Иджыблагъэ Адыгэ Республикэм къуажэм зэІуцІэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Ар техуауэ щытащ (Іэскэн муниципальнэ щыналъэм Щадэгъуэлэгъуэ и лІыхъужьхэр зэрыщІызэхуащІыжьым.

ЗЭХЬIХЬЭР екІуу кьыІэзрагъэпэщащ ЭнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьанымрэ щІалэгъуэлэ Іуэхуэхэмкі, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм.

Абы хэтащ къыбарегъащІэ ЭнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьанымрэ щІалэгъуэлэ Іуэхуэхэмкі минностр **Пащты Борис,** егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, Іэскэн район администрацэм и Іэтащхьэ **Мэкьуауэ Арсен**, абы и кьуэдзэ **Бажэ Дотий**, Аргудан кьуажэм и унафэщІ**Нуаз ФатІимэ,** куейм и ныбжьыщІэ жьыджэрэхэр, ЩыІагъэлІ, бэджэндыдыплажьэ щІалэхэр, нэгъуэщІхэри.

Бажэ Дотий зэІуцІэр кьыІэзгъэуха нэужь, район администрацэм щІалэгъуэлэ политикэмкІэ и кьудамэм и ІэщІагъэлІ **ГуІэтыж Залинэ** ильэсым кьрикІуэхэр зэмитІыжьащ:

- Іэскэн куей адміністрацэм и унафэщІ Мэкьуауэ Арсен и жэрдэмкІэ, нэгъабэ ди курыт еджапІэхэм щІалэгъуэлэ политикэмкІэ комитетхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Абы хэтхэм яубзыхуэри, спортымкІэ, щэнхабзэмкІэ зэкьухьэ екІуэхэр, конференцэхэр, зэІущІэхэр, псапащІэ лэжьыгъэхэр нэгъабэ егъэкъэІуэкІащ, - жиІащ ІэщІагъэлІым. - 2009 гъэ ирикьуэгъэ гъэсыныгъэ лъэпкъхэм я зэныбжьыгъэр хэугъэпса Іуэхугъуэхэр кьыІэдгъэпэщащ. Псалъэм папщІэ, апхуэдэдзэ «Кучачество» щІалэгъуэлэ проектыр, районыр щІэ ныбжьыщІэхэм «Хазнин-баши» бгым зэрыдэкІар, нэгъуэщІхэри.

Ірыкъу, Уэзрэдж, Аргудан кьуажэхэм щІалэгъуэлэ политикэмкІэ щІыІэ комитетхэм я унафэщІэу **Лы-бзыхуэ Азэмэт, Бажэ Арсен, Мэшыкъуэ Радинэ** сымэ нэгъабэ зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр я ІэщІагъэ зэхуэсхэм щыкьэпкІырахащ. Абыхэм кьыхагъэщащ зэгъунэгъуэ Іьэпкъхэм я щІалэгъуэлэм яку зэрыльытэныгъэр щыІэныгъэрэ дэпъхьэным, Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм Іэнатіэ кьахуэдэхьым гулъытэ зэрыхуэщІар, махуэшхуэхэр гъэщІэгъуэну, Іуэхугъуэ гукъинэжкэмкІэ гъэнщІауэ зэрагъэхьэзырар, зэпеуэ зэмылІэужьыкІуэхэр, псапащІэ акІуэхэр кьуэдзэ кьыІэзрызэрагъэпэщащ.

- Адрейхэм елытыгъу фи районыр щІалэщ, щІэрыщІэу кьыІэзрызэрагъэпэщыжрэ илъэситху ирикьуэ кьудёйщ. Арами, Іьэныкъуэпхуэу щІыІэзфІагъэкІ, - жиІащ Пащты Борис. - Іуэтщ кьыхэптпхьэ Іуэхугъэ сыт щыгъуи кьыІэзрыддэфІыныгр. ЩІалэгъуэлэм я илъэсым техуауэ нэгъабэ дэ зэкьыгъэ щхьэпэ куэд евгъэкІуэкІащ. Мамырыгъэмрэ зэхуэдэчыхыныгъэмрэ я мыхьэнэр ныбжьыщІэхэм ягурыгъэІуэным, дахагъэм хуэущиным хуэунэтІауэ кьыІэдгъэпэща «Кучачество» щІалэгъуэлэ проектми, нэгъуэщІхэми жыджэру фызэрыкъэтам папщІэ фІыщІэ фхузощІ.

Іэскэн районым, Аргудан кьуажэм щІалэгъуэлэм я илъэсым екъэлІауэ щрагъэкІуэкІа Іуэхугъуэ хэм Мэкьуауэ Арсенрэ Ируаз Фатімэрэ щхьэхуэу кьыІетеувыІащ.

Куейм и щІалэгъуэлэ жыджэрэхэм, зэфІэкІ зиІэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Дорохинэ Лидие.

КЪБР-м Хъыбарегъащ Іэнатіэхэмкі, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэмкі министерствэм и фІыщІэ тхьылъыр иратащ мы Іуэхур кьыІэзгъэпэщыжьым хэтхэм я щІалэгъуэлэ щхьэпэ Іэскэн, Ірыкъу, Уэзрэдж, Аргудан, Ташлы-Іала жылагъуэхэм щІалэгъуэлэ политикэмкІэ и комитетхэм я унафэщІхэу ГуІэтыж Залинэ, ЛІыбзыхуэ Азэмэт, Бажэ Арсен, Мэшыкъуэ Радинэ, Дзэгуей Мусэ сымэ. Іэскэн районым адміністрацэм и апхуэдэ тхьылъыр Аргудан кьуажэм и Іэщ Іагъэлі-хэм хуагъэфэщащ.

Зэхуэсахэр ирагъэпльащ «Кучачество» щІалэгъуэлэ проектымрэ «Хазнин-баши» бгым дэкІа ныбжьыщІэхэмрэ я ятеуауэу траха сурэтхэр щызэхуэхьоса тепльэгъуэхэм.

Щ1алэгъуэлэм я ильэсыр щызэхуащІыжьым абы хэтахэм я гукъыдэжьыр кьаІэтащ Іэскэн районым Щэнхабзэмкі и унэм и къэфакІуэ гупымрэ уэрэджьыкІуэ ныбжьыщІэ А тэлъыкъ Ислъамрэ. Апхуэдэу зэхуэсахэр дихьхьэу едэлуащ Аргудан кьуажэм и курыт еджапІэ№2-м щІэс ныбжьыщІэхэр зэныбжьыгъэныгъэм, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм теухуауэ зэхьзащ щІэсыжьэ ухэсхэм.

ТекІуэжь Заретэ.

Щ1алэгъуэлэм я ильэсым кърикІуам хоплъэж

Къапэщытхэр ягъэбелджылы

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэ Дышэкі Мадинэ щыцІыщІым и 29-м иригъэкІуэкІащ 2010 гъэм сабийхэм зэрызагъэпсэхуным, я узынщагъэр зэрырагъэфІэкІуэнум, едэжным кьыщыдахуэхэм я зэманыр нэгъуэщІу зэрагъэщІынум пыщІа Іуэхугъуэхэр кьыІэзгъэпэщынымкІэ республикэ комиссэм и япэ зэІуцІэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Тобоев Альберт** кьыІэзрохьэгъащ амкІэ, дяпэкІэ я Іуэхур щІэм тету ирагъэкІынущ. Къащтэмэ, мы гъэм кьыщыщІэдзауэ страховкэ зиІэхэм папщІэ УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и бюджетым ахъшэ щыхуахьынукъым.

- Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэрэ я узынщагъэр егъэфІэкІуэнымрэ теухуа Іуэхугъуэхэр, налог хабзэхэм халъхьа зэхъуэкІынигъэхэм тету, Урысейм и щІыналъэхэм ящІэ къуэкІыпхъэ хэхьуэхэм я къэхъулІэ кьыІэзрагъэпэщынущ. Абы мы гъэм КЪБР-м сом мелуани 193-рэ мин 586,6-рэ хухихьынущ. КьыщынэмыщІауэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 32-рэ мин 413-рэ, республикэ бюджетым сом мелуани 8-рэ мин 400-рэ кьыхэхьынущ. Псори зэхэту сабийм и я зыгъэпсэхугъуэ зэманым сом мелуан 234-рэ мин 399,6-рэ зэхуэдэнущ, - жиІащ министрым. - КЪБР-м Тарифхэмкі и къэралюмитетым щІышІым и 13-м кьыдигъэкІа унафэмкІэ ягъэуващ республикэм узынщагъэр щрагъэфІакІуэ и Іуэхущ Іапіэхэм зэрыщІэм ику иту щатынур зыхуэдизыр. Мы зэманым дэ кьыштпэщІту гъатхэ дызыхуэхІуам и заявкэхэм я Іуэхур тэмэму зэкІэлъыдгъэкІуэну. Абы папщІэ Социальнэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым ди министерствэм кьритащ республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ щылажьэ предприятэрэ организацэу мини 10-м щІигъуи я реестрыр. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ щІыналъэ кьудамэхэм заявкэхэр и чэзум Іэрагъэхьэн щхьэкІэ, я Іуэхущ Іапіэхэм я спискэр куейкэм щІызэгъедгъэхьынущ.

Тобоев Альберт щхьэхуэ зу кьытеуващ зыгъэпсэхуэкІуэ я гъэкІуэну ныбжьыщІэхэр кьыІэзрохьэгъащ. Апхуэдэу зэхьыхьэм я кьалэщ Іуэхугъуэ нэхъ хуэныкьуэ сабийхэм, Іэнатіэ Іут адэ-анэхэм я бынхэм тутекІэхэр кьыхудахьын папщІэ, район предприятэхэмрэ организацэхэмрэ заявкэхэр щыІэхуэ кьуэдзэ. Ауэ, узышагъэр щрагъэфІакІуэ щыпІэ хэм я мылъку-техникэ Іьэбжькъэр зыхуэдэр Іьэныкъуэ псомкІи кьыІэзрапщытэнур, сабийхэм щыгъэкІэ тэмэм кьыхуэзгъэпэщын папщІэ ахэр здагъэкІуэну лагерхэр зэпеуэкІэ кьыІэзрыхьынур.

Зэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап ярита нэужь, министрыр зэпкърыхуэу кьыІетеувыІащ 2010 гъэм сабийхэм зэрызагъэпсэхунум, я узынщагъэр зэрырагъэфІэкІуэнум, едэжным кьыщыдахуэхэм я зэманыр нэгъуэщІу зэрагъэщІынум теухуа Іуэхугъуэхэр кьыІэзгъэпэщынымкІэ республикэ комиссэм и зэрылэжьыну планым и проектым, Зэ1уцІэм хэтахэр абы арэзы техІуащ. Апхуэдэу зэхьыхьэм кьыщызэрагъэпэщащ узынщагъэр щрагъэфІакІуэ лагерхэм сабийхэр зэрыщІэнум зэрыхуэхьэзырыр кьэзыпщытэну зэрыхуэхьэзырыр гупхэр.

Зэ1уцІэм хэтащ къалэ округэмрэ муниципальнэ районэмрэ я щІыналъэ адміністрацэхэм я Іэтащхьэхэм я кьуэдзэхэр, Іуэхур зэгъэщІыла міністерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●ЗэІуцІэхэр

Сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупІэм и лъэныкъэхІэ яІэ

хуитныгъэхэр кьыІэзрызэрагъэпэщым кІэлъыплъ республикэ комиссэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъаазэм и 18-м №317-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупІэм и лъэныкъэхІэ яІэ хуитныгъэхэр кьыІэзрызэрагъэпэщым кІэлъыплъ республикэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм гъатхэпэм и 9-м кьыдигъэкІа Унафэ №57-П-П-мкІэ кьыщтам мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Абрадж А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр

Муртазов Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(республикэ комиссэм и секретарыІ)*

Хьэгъэ З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ адміністрацэм и Іэтащхьэр *(эзэгурыІуаУ)*;

б) республикэ комиссэм кьыхэзгъэкІыжьын Берд Хь. А., Уанаев К. Хь.-М. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэщІакІуэ хъуну яубзыхуэ псэупІэхэр зэман кІыхьКІэ

къаугъэсэбэныным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъаазэм и 18-м №318-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэщІакІуэхэм щыкагъэхьа псэупІэхэр хьумэн, гъэбэгъуэн инкІи тэмэму къэгъэсэбэпын мурадкІэ, «ПсэупІэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 36-37 статьяхэм кьыізрагъэувыным тету инкІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэщІакІуэ хъуну яубзыхуэ псэупІэхэр кьыщагъэсэбэпын папщІэ юридическэ Іэнатіэхэмрэ ЩэнхабзэмкІэ щІэныгъэмкІэ щІыпІэ е псым и Іыхьэ щхьэхуэхэр зэгъэбыдыІэныжьмкІэ Іэкьыпльхьэхэм ятеуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм щыщхьэІум и 17-м кьыдигъэкІа Унафэ №2232-ПП-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. ЩІыІэ хабзэхэм тету «Джэдыкъуэ» псэупІэхэр щагъэбафІуэ щагъэхьэ-гъуэ щакІуэ хозяйство» ООО-м зэщІакІуэхэм хагъэхьа псэупІэхэр зэман кІыхьКІэ къиргъэсэбэпын папщІэ ильэс 49-кІэ иІыгъыну етын гектар мин 2126,0-рэ хъу щІыналъэу мы кьыкІэлъыкІуэ щІыпІэхэм зэрыубыдэхэр:

ищхьэрэ Іыхьэр - Джэдыкъуэ псым и кьыщІэжьыпІэм щагъэхьэжьауэ ар Бахъсэн псым щыхэхуэжьым нэсыху ижьырабгъэмкІэ щІыІэ щІыпІэр;

ипщэ Іыхьэр - Джэдыкъуэ псыр Бахъсэн щыхэхуэжьым щегъэжьауэ ипщэкІэ Джэдыкъуэ кьыщыщІэжьым нэсыху сэмэгурабгъэмкІэ щІыІэ щІыпІэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэзумэщ хозяйствэмрэ ярыскьыпхъэмкІэ и министерствэм (Ерчэн Т. Хь.) хуэгъэувын «Джэдыкъуэ» псэупІэхэр щагъэбафІуэ щакІуэ хозяйство» ООО-м зэщІакІуэхэм хагъэхьа псэупІэхэр зэман кІыхьКІэ къиргъэсэбэпын папщІэ ильэс 49-рэ и пІальэу лицензэ иритыну абы ящІэ теухуа зэхуэсхэр зэгурыІуэныгъэ ирищІылІэну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэ Уянаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МЕРКУЛОВ Александр

●КЪБР-м и Пенсэ фондым кьратыкІ

Анэхэм хухах мылъкум щІагъу

УФ-м и Пенсэ фондым КЪБР-я щиІэ кь удамэм и пресс-Іузхуищ Іапіэм и лэжьакІуэ Апо Заретэ хзыбэр кьызэрыдригъэщІамкІэ, 2010 гъэм щыщылъэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ зи сабий етІуанэр (ещанэр, абы кьыкІэлъыкІуэхэр) ильэсищ ирикьу унагъуэхэм нэсу кьагъэсэбэп хьунуи сертификат кьыщІратауэ щыт а аРз (унагъуэ) мылькур. УФ-м и Пенсэ фондым 2010 гъэм ІІІ бюджетым абы щыхухахащ сом меларди 102-рэ. А ахъшэр трагъэкІуадэ хьунуи псэупІэхэр егъэфІэкІуэным, сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хуэзэхуахьэс Іыхьэм.

АНЭХЭМ хухах мылькур иджыри кьэзымыгъэсэбапэхэм гу льедгъэтэну дыхуейщ: 2010 гъэм ар хъущ сом мин 343-рэ 378-рэ кІэлъыплъ Ф1-рэ. Сертификатым ит ахъшэ бжьыгъэм щыщ Іыхьэ гуэр кьэзыгъэсэбэпахэм ящІэн хуейщ анэ мылькум щыщу кьэна Іыхьэм инфляцІэр зэрыдэкІуеям ельытауэ зэрыхагъэхьэнур.

